

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dina ieu bab, nu nyusun baris ngécéskeun kacindekana. Ieu kacindekan téh dijéntrékeun sabada nu nyusun niténan tur nganalisis pamanggih-pamanggih nu nyampak jeung kapanggih dina ieu panalungtikan. Anapon kacindekana saperti ieu di handap:

1. Dina prak-prakan mintonkeun kasenian singa dépok Wargi Mekar Saluyu di désa Cupunagara, miboga fungsi sarta unsur pintonan anu sarua jeung kasenian singa dépok di daérah séjénna. Saméméh mintonkeun kasenian singa dépok, aya sawatara hal nu jadi katangtuan, sarta kudu diperhatikeun saméméhna, nya éta: 1) dina pra pelaksanaan, 2) prak pelaksanaan, jeung 3) pasca pelaksanaan.

Dina pra pelaksanaan mintonkeun ieu kasenian, hal nu utama dilaksanakeun ku masarakat désa Cupunagara nya éta nangtukeun wanci. Ieu hal dipercaya salaku adat kabiasaan umpama rék ngalaksanakeun acara salametan, boh salametan sunatan, boh salametan kawinan. Wanci anu digunakeun nya éta bulan Rayagung. Bulan Rayagung dipercaya salaku bulan anu alus, boh numutkeun adat Sunda, boh ogé numutkeun kapercayaan agama.

Dina wanci isuk-isuk jam 06.00, pupuhu kasenian singa dépok Wargi Mekar Saluyu ngalaksanakeun acara nyuguh (sasajén).

Acara nyuguh biasana dibarengan ku nyeungeut menyan sarta nyadiakeun bahan-bahan pikeun nyuguh. Acara nyuguh lumangsung, pupuhu nyeungeut menyan sarta mapatkeun jampé pikeun ménta Widi ka Gusti Alloh sarta ka karuhun nu ngageugeuh lembur. Réngsé acara nyuguh, mimiti waditra kasenian singa dépok ditabeuh. Budak sunatan didangdanan maké baju modél pawayangan (siga Gatot Gaca). Acara ieu di mimitian ti imah nu boga hajat.

Dina prakna pelaksanaan, budak sunatan diarak-arak ngulilingan kampung. Sanggeus réngsé ka tempat nu geus diatur ku panitia, rombongan singa dépok balik deui ka imah nu boga hajat. Dina pasca pelaksanaan, grup kasenian singa dépok Wargi Mekar Saluyu sok ngalaksanakeun atraksi, anu disebut *démonstrasi*. Dina ieu panutupan mangrupa hal nu dipikaresep ku masarakat, sabab para nayaga mintonkeun pangabisana. Grup kasenian singa dépok Wargi Mekar Saluyu sok ngalaksanakeun démonstrasi saperti kieu: 1) gonang, 2) ngoronang, 3) singa diayunkeun ku suku pamaén, 4) singa diangkat ngagunakeun suku pamaén, 5) singa diangkat ngagunakeun tuur pamaén, 6) singa diangkat ngagunakeun sirah pamaén, 7) patung singa diadukeun, 8) gugunungan, 9) golémpang, 10) padungdung.

2. Dina kasenian singa dépok ngandung ajén atikan sarta simbol nu nyangkaruk dina ieu kasenian. **Simbol** anu kapanggih dina kasenian singa dépok nya éta: 1) dina *lumangsungna upacara*, nya éta nyimbolkeun

pikeun ngareuah-reuah budak sunatan anu geus daék disunat, 2) dina *gerakan* para pamaén, nya éta nyimbolkeun gerakan anu gumbira, sumangeut, sabab bisa ngahibur budak sunatan sarta masarakat nu ningali. Gerakan ibing anu dilaksanakeun di antarana, nya éta: *mars, dangdutan, penca silat, jrrd*, 3) dina *patung singana*, nya éta pikeun nyimbolkeun/ ngabédakeun bentuk patung singa unggal grup kasenian, sabab unggal grup kasenian singa dépok miboga bentuk patung singa anu béda antara grup kasenian nu hiji jeung nu liana. Patung singa grup kasenian sing dépok Wargi Mekar Saluyu ngagunakeun warna konéng. Warna konéng nyimbolkeun Partai Golkar, waktu harita kasenian singa dépok Wargi Mekar Saluyu mimiti nanjeur.

Ajén atikan nu kapanggih dina kasenian singa dépok, nya éta ajén sosial, agama, étika, jeung ajén kaendahan. 1). *Ajén atikan sosial* kasenian singa dépok Wargi Mekar Saluyu nya éta ngawengku sipat babarengan sarta gotong royong ti unggal para nayaga sarta masarakat satempat, sabab mimiti diciptakeunna yén kasenian singa dépok mangrupa karya masa lain karya salah saurang. Ku kituna, kudu aya kakompakan, gotong royong sarta miboga sipat babarengan, 2). *Ajén atikan étika* kasenian singa dépok Wargi Mekar Saluyu nya éta bisa katingal tina gerakan sarta wirahma waditra anu ditabeuhna. Gerakan anu dilakukeun ku para pamaén kudu aya kakompakan sarta aturanna. Kitu deui jeung wirahma waditra anu ditabeuhna, unggal waditra anu ditabeuh henteu sagawayah dimaénkeun, tapi aya batasan/ aturanna. Contona, dina gerakan penca silat, unggal

sukuna najong, leungeun nakis téh kudu sarua jeung ketukan kendang jeung goong. Sangkan unggal gerakan “*nincak kana goongna*”. 3) *Ajén atikan agama* kasenian singa dépok Wargi Mekar Saluyu bisa katingal tina fungsi kasenianna, nya éta pikeun budak sunatan. Budak disunat mangrupa hal anu wajib dilaksanakeun ku unggal jalma muslim. Kasenian singa depok gunana pikeun mikanyaho kabalaréa yén budak anu direuah-reuah ditumpakkeun kana patung singa téh geus *diislamkeun*, jeung 4) *ajén atikan kaéndahan* singa dépok Wargi Mekar Saluyu katingal tina unsur nu ngawangunna, nya éta seni rupa, seni sora jeung seni tari. Tina seni rupa, patung singana anu kaciri éndah sabab dijieun mirip pisan jeung sato singa hirup, panonna bolotot, buluna jabrig, awakna seseg, beungeutna sangar. Seni sora sarta seni tari katingali éndah tina segi kaserempakanna, kerjasama, kasarasian, sangkan gerakan jeung wirahma waditra anu ditabeuh katingal jeung karasa ngeunah ku unggal nu ningali sarta nu ngadéngékeunna.

3. Pakakas nu digunakeun dina kasenian singa dépok Wargi Mekar Saluyu, nya éta: 1) patung singa, 2) pakéan budak sunat jeung para pamaén, jeung 3) pakakas waditra anu ditabeuhna. Pakakas waditra anu digunakeun, ngawengku: kendang, kulantér, goong, tarompét, kempul, kecrék, jeung bonang, mpli, spiker, jeung toa.
4. Kasenian singa dépok Wargi Mekar Saluyu nya éta miboga fungsi pikeun ngareuah-reuah budak sunatan. Sedengkeun tujuanna nya éta pikeun

hiburan hususna keur budak sunatan, umumna keur masarakat anu ningalina.

5.2 Saran

Sanggeus réngsé nalungtik ajén atikan anu aya dina kasenian singa dépok Wargi Mekar Saluyu nu aya di désa Cupunagara, Kacamatan Cisalak, Kabupatén Subang, karasa loba pisan mangpaatna pikeun nu nyusun. Di sagigireun ngaguar masalah budaya, ogé bisa nambahan pangaweruh dina widang atikan.

Sangkan ajén kamangpaatan tina ieu wujud kabudayaan téh bisa karasa kasakumna pihak, panalungtik hayang nepikeun saran anu mudah-mudahan aya mangpaatna pikeun balaréa, anu diantarana nya éta ieu di handap:

1. *Pikeun pihak lembaga pendidikan*, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar, sabab dijerona ngandung ajén-inajén kabudayaan anu kacida luhungna, hususna ajén-inajén pendidikan.
2. *Pikeun pihak masarakat*, hususna pikeun masarakat Subang anu nyiptakeun kasenian singa dépok, kudu bisa ngamumulé, sabab dina kasenian singa dépok mibanda ajén positif saperti ayana sifat gotong royong, kerjasama, anu bisa ngadidik dina kahirupan. Ieu kabudayaan téh kuduna diriksa tur dimumulé.
3. *Pikeun lembaga/ dinas kabudayaan daérah Subang*, kasenian singa dépok anu jadi ciri khas masarakat Kabupatén Subang, bisa dijadikeun asét budaya tur bisa nambahan hasanah budaya Kabupatén Subang.